

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun nganalisis struktur carita anu ngawengku téma, fakta carita, jeung sarana sastra kalawan pamarekan Robért Stanton, satuluynna dianalisis ngeunaan unsur antropologi sastrana. Objék dina ieu panalungtikan nyaéta novel *Munjung* karya Moh. Ambri. Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun maluruh ngeunaan struktur carita (téma, fakta carita, jeung sarana sastra) jeung unsur antropologi sastra nu nyangkaruk dina novel *Munjung* karya Moh. Ambri. Dina ngumpulkeun jeung nganalisis data panalungtik ngagunakeun pamarekan kualitatif kalawan métode déskriptif. Intrumén panalungtikan anu digunakeun ngawengku instumén ngumpulkeun data jeung instrumén ngolah data. Dina ngumpulkeun data jeung analisis data, panalungtik ngagunakeun instrumén tabél jeung instrumén kartu data analisis.

Sacara umum téma dina ieu novel nyaéta nyaritakeun ngeunaan masarakat anu hayang beunghar ku cara gancang ngaliwatan sababaraha cara nyaéta munjung atawa ménta ka salian ti Pangéran, nu mangrupa mahluk sabangsaning jurig, jin, siluman, demit, jsb. Rupa-rupa paripolah jalma anu beunghar munjung téh dicaritakeun ku tokoh Salhiam, Mang Uham, Marhapi, Arta, jeung Wirja. Lima tokoh éta téh cacarita ngeunaan kasusah hirupna anu satuluyna ngawangkong ngalér ngidul nepi ka ngalamun hayang beunghar loslos nginget-ninget cumarita ngeunaan jalma anu munjung bisa jadi beunghar. Paripolah-paripolah jalma sasar lampah anu salah kaprah dina pupunjungan sangkan hayang beunghar téh kapaluruh dina sababaraha pasualan nu nyangkaruk dina caritaan luyu jeung patalina antara téma jeung pasualan.

Unsur antropogi sastra nu nyangkaruk dina ieu novel nyaéta paripolah jeung kapercayaan sarta kabiasaan masarakat palemburan Sunda nu masih kénéh munjung ka jin jeung siluman pikeun kamashuran hirup jeung huripna, kapaluruh opat unsur antropologi sastra anu ngawengku *masa lampau*, *kearifan lokal*, *folklore (tradisi lisan jeung sastra lisan)*, sarta *mitos* nu patalina jeung adat kabiasaan dina novel *Munjung* karya Moh. Ambri.

5.2 Implikasi

Dina hiji panalungtikan tangtu moal leupas tina kahénglérana jeung kaonjoyan. Sanajan kitu, panalungtik miharep yén kaonjoyan nu aya dina ieu panalungtikan téh bisa mawa kahadéan, boh sacara umum pikeun sakumna pamaca boh sacara husus pikeun panalungtik. Dumasar kana hasil panalungtikan, ku ayana ieu panalungtikan téh dipiharep bisa ngeuyeuban paélmuan unsur antropologi sastra dina karya tulis, utamana dina novel Sunda, sarta bisa jadi référénsi pikeun bahan ulikan.

5.3 Rékoméndasi

Sawatara saran jeung rékoméndasi ditujukeun pikeun sababaraha pihak nu patali jeung ieu panalungtikan. Utama pikeun panalungtik, dipiharep bisa leuwih daria dina ngamangpaatkeun ieu panalungtikan sangkan jadi hiji tatapakan nu leuwih jembar. Salian ti kitu, pikeun masarakat katut pamaca, dipiharep bisa tuluy ngeuyeuban élmu pangaweruh ngeunaan ieu hal, dina maham kana karya sastra. Satuluyna, unsur antropologi sastra dina ieu panalungtikan téh bisa jadi bahan pieunteungeun pikeun kahirupan sapopoé di masarakat.